



MIZAJOU TRIMESTRIYÈL FRA

NIMEWO 2: IVÈ 2011/12

Sou mizajou trimestriyèl FRA

Nap swete nou byenvini nan dezyèm nimewo Mizajou Trimestriyèl FRA a. Objektif nou se pote nouwèl ba nou sou kijan HRF ap potebouren nan pwosesis rebati Ayiti. Mizajou sa yo se pou konplete rapò anyèl HRF la. Yo ap gen pou yo parèt twa fwa lan yon lane (Otòn, Ivè, Prentan). Nou swete resevwa reyaksyon ak kòmantè nou.

Sa ki pi enpòtan nan nimewo sa a

- 7 milyon dola ameriken te bay pou fòmasyon pwofesyonèl ak pwodiksyon lèt ; Biwo Premye Minis la se nouvo omolog FRA (*gade **Rezilta Komite Pilotaj la***)
- FRA ap bay sipò l nan rediksyon risk dezaz yo epitou nan devlopman dirab nan depatman Sid ak 30 milyon dola ameriken pou 3 pwojè (*gade **Viyèt Jeografik la***)
- Brezil se premye bayè FRA e li vin an dezyèm pozisyon nan pami peyi ki bay plis lajan ak 55 milyon dola ameriken (*gade **Fokis sou Bayè yo***)
- Lòt kontribisyon ansanm ak pwomès lajan an kado pou yon valè 42 milyon dola ameriken ki ap sòti nan peyi Fenland, Lafrans, Nòvèj ak Etazini, an trètman nan men Fidisyè a pou koulye a. To pou debouse lajan pou pwojè yo te monte 43% pandan twa dènye mwa sa yo rive 56 milyon dola ameriken (*Gade **Mizajou finansyè FRA***).

Rezilta Komite Pilotaj la

Pandan dènye trimès la (oktòb – desanm 2011), Komite Pilotaj FRA te dako ak de nouvo demand finansman CIRH la. Yo te bay 5 milyon dola ameriken pou pwojè fòmasyon pwofesyonèl epi pou jèn yo jwenn travay toupatou nan peyi a. BID gen wòl antite patnè epi se Ministè Ledikasyon ak ONG yo ki te egzekite pwojè a. 2 milyon dola ameriken te jwenn apwobasyon pou yon pwojè revize nan pwodiksyon ak trètman lèt, sitou pou timoun yo. Nasyonzi se antite patnè a e se Ministè Lagrikilti, Resous Natirèl ak Devlopman Rural (MARNDP) nan tèt kole ak FAO ki te fè egzekisyon an. Lè nou

konstate manda CIRH la te bout lan dat 21 oktòb 2011, Gouvènman an te chwazi Biwo Premye Minis la kòm nouvo omològ pou FRA avèk pou responsablite rekonèt, kontwole epi transmèt nouvo demand finansman yo bay FRA. Minis Lekonomi ak Finans, André Lemerrier Georges, se nouvo prezidan Komite Pilotaj FRA a.

Viyèt Jeografik: Depatman Sid

Nivo lamizè nan Depatman Sid la se li ki pi wo nan tout peyi a e popilasyon an ekspozè anpil lan ka inondasyon ak siklòn. Andeyò a ap fin depafini akòz debwazman tribòbadò ansanm ak basen vèsan yo ki pa byen jere. Nivo ensekirite alimantè a wo e se fanm yo ki pi plis sibi deskè yo mete yo sou kote. Met sou sa, popilasyon an pa rive jwenn ase ni nan sèvis sosyal yo ni nan mache yo akòz wout andeyò yo ki pa bon. Pou jwenn yon bout a pwoblèm sa yo, FRA bay 30 milyon dola ameriken pou kore 3 pwojè nan depatman Sid peyi D'Ayiti. Yo te kreye pwojè sa yo pou youn kore lòt epi pou egzekisyon yo fèt youn ak lòt.



Koutwazi PNUD

Travay ranje epi kenbe an bon neta yon kannal irigasyon, Dori-Kavayon

Yon Pwojè pou bese Dezaz Natirèl yo (pou yon valè 34 milyon dola ameriken ladan 14 milyon se finansman FRA ak BID kòm antite patnè avèk MARNDP kòm ajans degzekisyon) ap travay pou bese fragilite lanviwònman an ak sityasyon sosyoekonomik popilasyon ki ap viv nan Ravin Sid ak Kavayon. Pwogram Devlopman Dirab nan Sidès (14 milyon

dola ameriken ladan 8 milyon ki sòti nan FRA ak Nasyonzini kòm antite patnè epi egzekisyon an se UNEP, UNOPS ak ONG yo) se premye faz yon pwojè sou 20 lane pou relèvman ak devlopman dirab pou rejyon sidès nan tout penensil Sid la. Pwojè Rediksyon Dezas yo (11 milyon dola ameriken ladan 8 milyon ki sòti nan FRA ak Nasyonzini kòm antite patnè epi egzekisyon an se PNUD, FAO ak PAM) ap ede bese risk yo nan devlope epi jere basen vèsan yo, kreye travay epi fè devlopman agrè nan depatman Sid la.

Nan 30 milyon dola ameriken ki jwenn apwobasyon FRA pou finance 3 pwojè sa yo nan depatman Sid la, 8.82 milyon oswa 29% te debouse nan mitan mwa desanm 2011 nan. Jounen jodi a, pwojè sa yo te ede :

- Devlope yon plan estratejik pou sektè lanmè ak enèji ;
 - 15 soupwojè jesyon basen vèsan ki ap fèt nan tout rejyon Sid la :
 - 3 pwojè rebwazman
 - 4 pwojè pwoteksyon ak lapwotay arebò rivyè yo
 - 2 pwojè konsèvasyon tè ak koreksyon ravin yo
 - 2 pwojè pwoteksyon kont inondasyon
 - 2 etid sou jesyon ki ap fèt ansanm sou plan basen vèsan yo nan Akin ak Sen Lwi di Sid.
 - 1 pwojè fòmasyon sou lanviwònman an
 - 1 pwojè reyabilite sistèm dlo.
- Rezilta yo bay apreprè 2700 moun ki ap viv nan zòn pwojè yo ki jwenn ti djòb. Konstriksyon otototal 430 mètr lineyè kannal drenaj te fin fèt sa ki reprezante yon bon bagay pandan sezon siklonik lane 2011 lan. Globalman, konstriksyon 1250 mètr lineyè pwoteksyon arebò rivyè yo ap egzekite menmjan tou yon lòt konstriksyon 300 mètr lineyè Kannal drenaj nan Okoto.
- Yo te anplwaye 11 òganizasyon kominotè debaz ak 2 ONGs pou bay plantè yo yon fòmasyon pratik sou pwoteksyon lanviwònman ak amelyorasyon sekirite alimantè. Met sou sa, yo te distribye semans pou demare pepinyè.

Fokis sou rezilta pwojè yo

Rive jounen jodi a, Komite Pilotaj FRA a te apwouve demand finansman pou yon total 274 milyon dola

ameriken pou 17 pwojè. Nan valè sa, 254 milyon dola pou 15 pwojè oswa 93% finansman yo te apwouve yo te al jwenn antite patnè yo. Men kèk rezilta enpòtan pwojè ki ap reyalize yo :

- 171,810 mètr kib dekonb ki ranmase;
- 3339 moun jwenn djòb nan ranmase dekonb ;
- Yo jwenn 1503 otorizasyon pou kraze ak machin oubyen a men kay ki make wouj yo ;
- Demolisyon Lopital Jeneral Linivèsite Deta d'Ayiti a ap fini fen desanm nan (yo ap gen pou ranmase 6000 mètr kib nan sit sa a);
- Met anplas epi reyalize de atelye pou fòmasyon ak pwodiksyon materyèl pou rebati avèk dekonb resikle yo ;
- 200 moun fòme nan jesyon risk yo epi plis pase 300 moun nan kan yo ki apran bay Premye Swen (sekouris);
- 5 nouvo abri pwovizwa bati nan Pòtoprens ak nan Tigwav, ansanm ak 9 sant kominotè ki reyabilite nan Gonayiv, Delma, Pòtoprens, Jakmèl, Kabare ak Taba;
- Fanmi deplase yo ki te sou Plas Sen Pyè ak Plas Bwaye nan Petyonvil, tounen nan yon kay dirab nan katye kote yo te ap viv la;
- Defisit bidjetè pou lane 2010 la te konble gras a pwogram dijans sipò bidjetè a ;
- Yo te fin konplete resansman lekòl yo pou kore ranfòsman gouvènans sistèm edikatif la ;
- Etid de teren ap fèt pou bati 7 lekòl;
- Yo te achte 120,000 kit eskolè pou lane akademik 2012 – 2013 la;
- Yo te fè garanti pou yon valè 3.3 milyon dola ameriken, nan konfime prè 10.6 milyon dola ameriken nan twa bank. Garanti sa yo gen arevwa ak 245 ti biznis ak 8 mwayèn biznis.



Fokis sou Bayè yo: Brazil

Brazil te premye donatè FRA e se dezyèm pi gwo peyi ki bay lajan ak yon kontribisyon 55 milyon dola ameriken ki fèt lan mwa me 2010. Gouvènman brezilyen an te di ke li ta pito kontribisyon li an al lan apui bidgè a epi finance yon baraj idroelektrik. Komite Pilotaj FRA a te bay resous yo pou kore bidgè

sou demand CIRH la e li kenbe kèk resous an resè v sizoka yon pwojè baraj idroelektrik ap fèt.

Yon lòt bò, Brezil se dizyèm pi gwo donatè pou Ayiti, li bay 164 milyon dola ameriken pou rekonstriksyon an ladan 69% te deja debouse an desanm 2011. Pwogram koperasyon brezilyèn lan nan peyi D'Ayiti gen ladan èd pou devlopman agrikòl, devlopman kominotè, jesyon dekonb ak fatra, reyabilitasyon forè yo, fòmasyon pwofesyonèl ak resous dlo. Brezil se tou Kòmandan Fòs Misyon Nasyonizini pou Estabilizasyon an Ayiti (MINUSTAH) ak yon kontribisyon an pèsònèl militè ak lapolis.

Mizajou Finansye FRA

Pandan twa denye mwa yo, yo te siye akò pou lòt kontribisyon ak twa bayè, Etazini (5 milyon dola ameriken), Fenland (0.7 milyon Ewo), Nòvèj (74 milyon Kouwòn Nòvejyèn) pou yon lòt total 18.3 milyon dola ameriken konsa. Sa ki bay yon total don 370.6 milyon dola ameriken ki rive jwenn FRA nan mwa desanm 2011 lan. Nan total sa a, Fidisyè FRA a te resevwa 90% lajan an oswa 335 milyon dola. Met sou sa, Lafrans te fè pwomès lajan pou 19.8 milyon d'Euros.

Sou demand CIRH la, Komite Pilotaj FRA a te bay 274.08 milyon dola ameriken nan lajan ki disponib pou 17 pwojè. Epitou, yo te apwouve 2.98 milyon dola ameriken pou kouvri bidjè Fidisyè a ak sekretarya pou lane 2010 ak 2011. Si nou ajoute rezè yo met sou kote pou pwojè ki ap vini yo, se 58.98 milyon dola ameriken ki disponib pou finansman yo. Sou baz desizyon Komite Pilotaj la, 40 milyon dola nan lajan ki disponibl yo rezève pou baraj Latibonit la e 7.5 milyon dola ameriken pou kore bidjè a, e ap rete 11.48 milyon dola ameriken disponib pou lòt nouvo demand finansman jouk yo resevwa lòt kontribisyon yo ap tann yo pou yon valè 35.3 milyon dola ameriken.


Sou 274.08 milyon dola lajan pou pwojè yo, 93% oswa 254 milyon dola te deja al jwenn chak antite patnè yo. Nasyonizini jwe wòl antite patnè pou 10 pwojè sou 17 pwojè apwouve, sa ki reprezante 47% nan lajan total ki bay yo. Bank Mondyal sipèvizè twa

pwojè e Bank Entèamerikèn Devlopman kat pwojè, sa ki reprezante pou chak 38% ak 15 % nan finansman ki jwenn apwobasyon yo.

Kenze pwojè yo te egzekite ak yon valè total 55.73 milyon dola ameriken ki debouse, sa ki reprezante 20% nan total lajan yo apwouve pou pwojè yo. Nivo de dekesman pou pwojè yo te ogmanté 43% pandan twa denye mwa yo. Vos rapid nan dekesman yo demontre egzekisyon pwojè yo koulye a sou labòn vwa.

Wòl FRA nan Finansman Rekonstriksyon an

Kontribisyon bayè yo fè bay FRA reprezante 16% lajan total ki debouse pou rebati Ayiti rive desanm 2011¹. Finansman FRA te yon sous enpòtan finansman ki byen adapte pou satisfè priorite gouvènman an epi pou finance aktivite nan sektè ak rejyon yo ki pa ase finance. Pou nou di bagay yo jan yo ye a, FRA te pote 22% nan finansman pwojè CIRH te apwouve pou lan Sid yo.



Randman FRA

Nan dènye trimès la, FRA te resevwa de denye demand finansman CIRH yo anvan fen manda l nan dat 21 oktòb 2011. Yon valè total 7 milyon dola ameriken pou Pwojè devlopman pwodiksyon ak transfòmasyon lèt an Ayiti ak Apui reyalizasyon plan ledikasyon ak Refòm an Ayiti te jwenn apwobasyon Komite Pilotaj la nan dat 31 oktòb. Apre fen manda CIRH la, Gouvènman ayisyen an te decide transfere

¹ Dapre enfòmasyon Biwo Anvwaye Espesyal nan peyi D'Ayiti a rapòte nan « Overall Financing Key Facts brief » - Desanm 2011

responsablite pou revize epi apwouve demand finansman FRA yo bay Biwo Premye Minis la.

Avèk apwobasyon 17 pwojè ki ap fèt rive jouk jounen jodi a, dire mwayen trètman global demand finansman yo nan FRA se 116 jou². Lè nou revize an detay tan mwayen pou chak trètman nou vin wè plis pase mwayen tan trètman an pase nan preparasyon dokiman pwojè konplè a. Sa vin demontre aklè jan pwojè ki jwenn finansman nan men FRA yo gen kompleksite pa yo epitou longè tan sa mande pou konsiltasyon ak entèvenan yo.

**Tan mwayen preparasyon ak apwobasyon pwojè yo
(Kantite jou pou chak etap nan pwosesis la)**

1. Apwobasyon CIRH ak Komite Pilotaj FRA fè sou Nòt pwojè ekri a	9.1
2. Preparasyon antite patnè a fè sou dokiman pwojè konplè a	60
3. Apwobasyon Komite Pilotaj FRA a fè sou dokiman pwojè konplè a	8.3
4. Apwobasyon CIRH fè sou dokiman pwojè konplè a	6.4
5. Tan ki pase depi lè apwobasyon final la rive lan demand lajan antite patnè a fè	23.8
6. Transfè lajan Fidisyè voye bay antite patnè a	4.4

Fanmi FRA a: Nasyonzini

Nasyonzini se youn nan antite patnè enpòtan pou FRA. Rive jounen jodia, 47% nan tout don FRA apwouve yo pase nan men Nasyonzini pou kore dis aktivite. Lajan FRA transfere nan Biwo Fon Fidisyè Multi Donatè yo ki chita nan Pwogram Nasyonzini pou Devlopman (PNUD FFMD) e se Kòdonatè Rezidan Nasyonzini an Ayiti ki fè kòdinasyon an sou plan operasyon .

Fon pou Rebati Ayiti nan Gwoup Devlopman Pwogram Nasyonzini an (FRA GDPNU), e se Biwo PNUD FFMD ki jere l, se yon pati fondannatal FRA. Biwo PNUD FFMD gen yon sèl gichè pou kanalize lajan FRA a voye bay ajans Nasyonzini yo. Lè nou konsidere fòm patisipasyon sa a, òganizasyon Nasyonzini yo gen sou do yo tout responsablite pou planifye epi finanse fon FRA resevwa yo, Biwo PNUD FFMD la esevwa, administre epi transfere lajan ki apwouve yo bay òganizasyon Nasyonzini yo e se yo

ki patisipe nan dinamik la epi konsolide rapò finansye yo dekwa pou yo byen balanse.



Bisrat Aklilu, yon sitwayen etyopyen, se li ki Kòdonatè Egzekitif Biwo PNUD FFMD la li te met sou pye nan lane 2004. Li sipèvize administrasyon plis pase 45 fon fidisyè ki reyalize nan 80 peyi ak yon pòtfèy total 5.8 milya dola. Se te Direktè Egzekitif Adjwen (sòti 1996 rive 2004) ak Chèf Divizyon pou Pwogram FIDA (sòti 1990 rive 1996) nan UNOPS. Li te rejwenn FIDA nan lane 1979 kote li t ap jere pwojè envestisman nan lagrikilti an Afrik ak Pwòchoryan. Li gen yon doktora an Ekonomi li te pran nan Inivèsite Boston.



Mahrukh Nalavala, yon sitwayen amerikèn, se li ki Responsab Seksyon Finans Biwo PNUD FFMD. Kòm Espesyalis Finansye Senyò, li responsab administrasyon finansye tout fon fidisyè multidonatè yo epitou pwogram konjwen ki gen ladan Fon pou FRA GDPNU. Li rantre nan Biwo FFMD nan lane 2004 apre li te fin travay nan plizyè biwo PNUD depi 1986. Anvan li te entegre PNUD, Mahrukh te travay nan sektè avyasyon ak labank.

² Dire trètman mwayen an gen ladan sèlman pwojè ki konplete etap demand fon an oswa tout etap nan pwosesis la.



Patricia Ababio, yon sitwayèn peyi Gana, se li ki Espesyalis Finansyè Biwo FFMD la ki responsab fè pèman ak kontwòl finansye fon yo ak pwogram konjwen yo ki gen ladan FRA GDPNU. Li gen dis lane eksperyans nan labank epi de zan nan kontwòl asirans. Li avèk Nasyonzini depi 1999, anvan sa avèk UNOPS nan preparasyon kòdinasyon pou lane 2000 la, dokimantasyon lojisyèl, biwo èd, sipò administratif ak finansye anvan li vin rejwenn PNUD nan fè jesyon kapasite finansman yo. Patricia gen yon metriz nan Finans ak Jesyon Sistèm enfòmasyon.



Ernesto Calderón, yon sitwayen bolivyen, se li ki Analist Pòtfèy FRA GDPNU, nan pami lòt bagay li ap fè. Anvan li rejwenn Biwo PNUD FFMD, li te travay nan Direktwa Komisyon Ewopeyen Koperasyon Devlopman, Sekretarya Latino-Ameriken e pou plizyè ajans èd bilateral nan peyi Bolivi. Ernesto gen yon metriz nan Dwa Entènasyonal ak Koperasyon Devlopman e li an pas pou pran yon doktora nan Inivèsite Carlos III nan Madrid, nan peyi Lespay.

An Ayiti, sistèm Nasyonzini an ap travay pou kore lidèchip nasyonal la yon fason ki balanse. Anba direksyon Mesye Nigel Fisher, Reprezantan Rezidan Adjwen Sekretè Jeneral Nasyonzini an/Kòdonatè Rezidan/ Kòdonatè Imanitè (RRASG/CR/CH), yo met an plas de mekanis onivo peyi a dekwa pou yo seten

ke ajans Nasyonzini yo ap bay yon apui efikaz e òganize bay pwogram gouvènman an ki jwenn apwobasyon nan men CIRH ak finansman nan men FRA.

Sistèm Nasyonzini an ak kore koulye a reyalizasyon dis pwojè gouvènman an ap egzekite e FRA ap finanse, pou yon valè total 127.6 milyon dola ameriken. Se sèt ajans Nasyonzini ki enplike nan aktivite sa yo (PNUD, FAO, OIM, BIT, YON-HABITAT, UNEP ak UNOPS) nan sektè tankou kay, rediksyon risk dezaz, lagrikilti, jesyon dekonb ak relokalizasyon. Se Biwo RRASG/CR/CH la ki te fasilite pwosesis la e ki te voye zye pou si ke kontribisyon yo ansanm ak rapò yo byen balanse epitou pou egzekisyon an fèt jan sa te prevwa.

Pwogram « 16/6 » la fasilite moun ki ap viv nan kan yo retounen nan kominote yo grasa reyabilitasyon sèz katye epi patisipasyon kominote yo. Pwogram sa a ke gouvènman ayisyen an ap kòdone, jwenn sipò tèt kole PNUD, BIT, OIM ak UNOPS, e se yon bon egzantp sistèm operasyon Nasyonzini an. Pwojè a se Monsye Clément Bélizaire ki ap kòdone.



Clément Bélizaire se yon enjenyè sivil ayisyen ki etidye nan Fakilte Lesyans nan Inivèsite Deta D'Ayiti (UEH). Depi lan mwatye lane 90 yo, li te okipe gwo pòs nan sektè prive a an Ayiti nan sektè lendistri, lavant detay ak labank. Pandan kat lane ki fèk pase yo, li te Direktè Nasyonal pwojè Food for the Poor, yon ONG ki ap travay pou lavi miyò Ayisyen ki pa gen gwo mwayen yo. Koulye a, se li ki ap jere pwojè « 16/6 » la e li lan ekip nouvo Inite Kòdinasyon Rebati Kay ak Batiman Piblik yo.

Dat Enpòtan yo

- Kòmansman Janvyè – Lansman ekspozisyon foto FRA yo sou rekonstriksyon an ak kalandriye 2012 la
- 12 janvier – Dezyèm anivèsè tranblemandtè an

SEKRETARYA FRA

Nouvo Primati

Pòtoprens, Ayiti

Tel : (509) 2519-3131

www.fondsdereconstructiondhaiti.org

